



FEMINISID – Femicidio

Li eksplike zak ki fèt sou fanm epi sanksyone sila yo ki touye yon fanm.

• Ki pi gwo sanksyon penal ki gen pou ka feminisid?

Yon moun ki komèt feminisid se yon gason ki touye yon fanm ki madan li, oubyen ki te konjwen li oubyen viv ak li, ki genyen oubyen ki te genyen pitit ansanm. Nan ka sa a sanksyon an se gran prizon ki genyen o maksimòm prizon pou tout lavi, menm pèn nan tou pou yon moun ki touye pwop fanmi li

Y ap aplike yon kondanasyon ki kapab 15 an plis yon jou jiska prizon avi, ki anpeche moun ki kondane a mande libète kondisyonèl anvan li genyen 40 an prizon.

Menm pèn nan tou pou yon gason ki touye yon fanm pandan li te na yon relasyon santimantal oubyen seksyèl san yo pa t ap viv ansanm.

• Kisa k ap pase si yon gason touye yon fanm sèlman paske l se fanm, san l pa t gen pyès relasyon santimantal ak li (an deyò de ka nou site anvan yo) ?

Yon gason ki touye yon fanm paske l se fanm, gason sa a komèt yon feminisid e l ap jwenn pèn maksimòm ki se prizon avi, sa vle di, de kenz (15) lane plis yon (1) jou prizon a prizon avi.

Pèn prizon avi a, li rele tou prizon avi senp, ki pèmèt moun ki kondane a mande libète kondisyonèl lè li gen 20 lane nan prizon.

• Kòman Lajistis ap detèmine ke moun nan mouri paske l se fanm oubyen se yon feminisid?

Y ap konsidere l se lè lanmò a pwodui nan sikonstans sa yo:

- 1- Lè fi a mouri paske li pa aksepte etabli yon relasyon santimantal ou seksyèl ak moun ki touye l la.
- 2- Lè fi a mouri paske li t ap egzèse pwostitasyon oubyen nenpòt lòt okipasyon ou metye a karaktè seksyèl.
- 3- Lè fi a mouri aprè yo fin egzèse nenpòt fòm vyolans seksyèl sou li. San prejidi de yon evantyèl kondanasyon pou vyolans ak feminisid, si se sa li ta ye.
- 4- Si fi a mouri koz oryantasyon seksyèl li, idantite sèks li oubyen ekspresyon ki gen pou wè ak sèks viktim nan.
- 5- Si krim nan komèt nan nenpòt sitiyoasyon ki montre ke se akòz relasyon pouvwa inegal ant moun ki komèt agresyon an ak viktim nan, oubyen montre yon entansyon diskriminasyon.

• Ki sikonstans ki ka fè lajistis bay pèn nan pi lou?

Femisid la agrave se lè:

- 1- Viktim nan te ansent
- 2- Viktim nan se yon tifi oubyen yon adolesan ki pa ko gen dizwit (18) lane, yon fi ki ti granmoun (depase 60 lane) oubyen yon fi ki andikape.
- 3- Krim nan egzekite an prezans fanmi dirèk viktim nan (papa, manman, grann, gran papa, pitit, pitit pitit, elatriye)
- 4- Krim nan egzekite nan yon kontèks vyolans fizik ou sikolojik abityèl kont viktim nan.

• Yo kapab pèmèt pèn altènativ (lòt tip de pèn) pou moun ki komèt femisid yo?

Non, lalwa pa pèmèt li.

Enfòmasyon ki nan dokiman sa a se yon materyèl referans pou fè w konprann lwa yo. Men, se pa lalwa, ni se pa yon agiman jiridik legal ke yon avoka kapab itilize.